ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№139 (24.109) ● 2020 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 21, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ К. В. Урысей Федерацэм и Налог органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэм тешхуа и хъуэхъу

Си гуапэу сохъуэхъу Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и лэжьакІуэхэм я Іэщ1агъэм епха махуэмрэ УФ-м и налог органхэр къуэзрызэрагъэпэщэрэ илъэс 30 зэрырикъумкІэ.

Управленэм и лэжьакІуэхэм блэкІа зэманым къалэн гугъухэр икІи мыхьэнэшхуэ зиІэхэр зэфІагъэкІащ. Нобэ жыпІэ хъунущ а къалэнхэм щІыхь пылъу ехьулІам и мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьынигъэм и УнэтІынигъэ нэхъыщІэхэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэгъэхъулІэнымкІэ ар мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэнатіэ хъуауэ. Лэжьэн щыщІидза ялэ махуэхэм щегъэжьауэ Управленэм хузэфІэкІащ властым и къэрал органхэмрэ республикэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и органхэмрэ быдзу запищІэн, апхуэдэуи мыхьэнэ хэха иІэщ Іуэхущапіэхэр зыгъэлажьэхэм, бизнесым, щІыхухэм я дзыхь къыпфежьу, абыхэм быдзу ялыщІауэ Іуэхухэр зэтриихуэн лъэкІащ. Республикэм, щыІэ гугъуехьэмэ емылъытауэ, финанс зэпІоэзрытынигъэ зэрыщІэзэтеувам, шэч хэмылъу, я фІыщІэ хэльщ гупым.

Шэч кьытесхьэркъым Управленэм и лэжьакІуэхэм адэкІи я къалэнхэр щІыхь пылъу зэрагъэзэщІэнум, республикэм и Іуэху дэкІыным, щІыналъэм зиужьным, щІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным зэрыхуэлэжьэнум.

Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и лэжьакІуэхэм зэхьишагъэ, зэІуэзэщІуэ яІэну, мыхьэнэшхуэ зиІэ, жэуапльныгъэшхуи зыпльэ я лэжьыгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэкумрэ яфІ зыхэль Іуэхухэм ехьулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьэну сохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхьылъыр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхьылъыр етын

Іэщын Жаннэ Владимир и пхъум – Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм Налшык къалэм щиІэ Инспекцэ №2-м щІыпІэхэм къэпщытэныгъэхэр щегъэкІуэкІыным-кІэ и кьудамэ №1-м и къэрал налог инспектор нэхъыщхьэм

Бережновэ Ириндэ Анатолий и пхъум - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм Налшык къалэм щиІэ Инспекцэ №2-м камеральнэ къэпщытэныгъэхэмкІэ и кьудамэ №1-м и унафэщІым и къуэдзэм

Дзагуей Мадинэ Музэчыр и пхъум - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и Щ1ыналъэзэхуаку инспекцэ №6-м учётымрэ налог зытхэм ядэлэжьэнымкІэ и кьудамэм къэрал инспектор нэхъыщхьэм

Къунаш Еленэ Мухьэмэд и пхъум - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм къэпщытэныгъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІым и къуэдзэм

Юсупов Муссэ Исмэхьил и къуэм - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм къэпщытэныгъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м
№148-УГ

Бахъсэн щІыналъэм хьихьэ Псыхъурей къуажэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухькІа (карантин) щыгъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Бахъсэн щІыналъэм хьихьэ Псыхъурей къуажэм щыщ Іыхьэм и щІыналъэм хъащхьэрыІуэ уз зыпкърыт псэущхьэ щыІэу наІуэ къызэращІам къыхэкІыу, «Ветеринарием и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Федеральнэ закон №4977-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ветеринариемкІэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэм 2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м кьиІэхьа тхьигъэ №38-02-06-1557-м тету, хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдэн мурадкІэ:

1. Бахъсэн щІыналъэм хьихьэ Псыхъурей къуажэм щыщ Іыхьэм, Кьатахъэным, Таракиным, Сыжажэм, Чкаловым я щІэхэр зезыхьэ уэрамхэр зыхьихьэм, мардэ пыухькІахэр (карантин) махуэ 60 пІалъэкІэ щыгъэувын.

2. Карантиным хиубыдэ зэманым мы унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуа щІыпІэм унагъуэ Іэщыр кьыщыдагъэкІыну, щагъэхъуну, абыхэм хьэхэмрэ джадухэмри яхэту, а щІыпІэм ирашурэ нэгъуэщІ щІыпІэ яшэну, ящэну хуит ящІыркъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм хузэгъэувыл хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдыным хузэгъэзэщІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм щыгъуэу зэхилъхьэу игъэзащІэну.

4. Мы унафэм кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№114-РГ

КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм щІыналъэм зыщемыгъэубгъуным хуэгъэпса оперативнэ штабым и зэІущІэр

Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету щэкІуэгъуэм и 18-м иригъэкІуэкІащ Коронавирус узыфэм щІыналъэм зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІа Іуэхухэр зэрырагъэкІуэкІым кІэлъыплъ оперативнэ штабым и зи чэзу зэІущІэр.

АБЫ ЩЫХЭПЛЪАЩ щІыналъэм щыщыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэмрэ COVID-19-м пэщІэтным хуэгъэзащІэ медицинэ Іуэхущапіэхэм щыІэзфІагъэкІ лэжьыгъэмрэ.

Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм дунейм псом зыщыщыубгъу мы лъэхъэнэм ди щІыналъэм абы и лъэныкъуэкІэ и Іуэху зыІутым и гугъу щІ-щІым, КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ эпидемиологие щытыкІэр гугъуу зэрыщытыр, абы кьыдэкІуэу фы и лъэныкъуэкІэ зэхъуэкІыныгъэхэри зэрыщыІэр. Апхуэдэу, хэпщІыкІыу нэхъыбэ хъуркъым сымаджэу махуэ кьэс кьахутхэхэм я бжыгъэр, махуищ зэкІэлъыкІуэм къызэрагъэпэжауэ, ягъэхъужахэм нэхърэ нэхъ мащІэщ узыфэр зэуэлІахэм я бжыгъэр. Госпиталхэм щІэлъэхэр тхьэмахуищым щІигъауэ щІыху 1500 - 1530-м тетщ. КТ-къэпщытэныгъэхэм наІуэ кьыззэращІамкІэ, сымаджэщым щІэмыльу зи тхьэмбылыр уз хьуахэм я бжыгъэри йох.

А зэхъуэкІыныгъэфІхэм адэкІи къыхахъэхъуэн папщІэ КъБР-м и къэрал, муниципальнэ властым и органэм, щытыкІэмкІэ жэуап зыхь Іэнатіэхэм пщэрылъ щащІащ профилактикэ мардэхэм тетын зэрыхуейр щІыхухэм гурагъэІуэным теухуа лэжьыгъэм пащэну.

«Роспотребнадзор»-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Пагуэ Жыраслъэн зэрыжиІамкІэ, 2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэм Республикэм коронавирус узыфэр щІыху 11629-м кьащеуэлІэуэ кьахутащ, абыхэм ящІыщу 8541-р хуэжащ, 186-р иплІкІащ. Тест къэпщытэныгъэу мин 267-м щигъу ирагъэкІуэкІащ. Госпиталхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щІыху 1531-м щагъуэт, абыхэм ящІыщу 88-р реанимацэхэм щІэлъщ, 13-р ИВЛ Іэмэпсымэхэмкіэ ягъэбауэ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм кьызэритамкІэ, коронавирус узыфэ зэрыщІалэр зыпкърытхэм щеІэзэ госпиталу республикэм бгъу щолажьэ, псори зэхэту гъуэльыпІэ 1852-рэ щІэту, абыхэм ящІыщу 1048-м щІыхур кислородкІэ зэрагъэбауэ Іэмэпсымэхэр ешэлІащ. Урысейм Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм къалэну къахуигъэувахэр, абыхэм сымаджэхэр гъуэльыпІэхэмкІэ ирикъуу кьызэгъэпэщынри яхэту, процент 214,1-кІэ ягъэззэщащ.

Узыфэ зэрыщІалэ нэхъ шынагъуэхэр зэуэлІахэр щагъэхъужь госпиталхэм я лэжьыгъэр кьызэрагъэпэщ дохутыр 360-м, курыт, нэхъыщІэ медицинэ лэжьакІуэу 991-м. COVID-19-р япкъыту къахута сымаджэ 1548-м мы зэманым амбулаторнэу йолІэзэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэу амбулаторнэу ягъэхъужхэм чэнджэщхэр ягъуэтыныкІэ щІигъэкъуэн яхуэхъун къалэныр зи пщэ дэль республикэ телемедицинэ центрым и лэжьыгъэм пещэ. Абы и ІуэхущІафэхэр нэхъыщхьэу унэтІныныгъэищым хуэгъэпсащ - телефонкІэ закъыхуэзыгъаззэ сымаджэхэм жэуап етыныр, поликлиникэхэм я терапевтхэм видеозэпыщІэныгъэкІэ чэнджэщгъэу яхуэхъуныр, апхуэдэуи амбулаторнэу зыкІэлъыплъ сымаджэхэм я щытыкІэм кІэлъыплъныныр, аэр зэрагъэхъуж Іэмалхэм набдзэгубдзапІъэу я нэІэ тетыныр. 2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 9-м къыщыщІэдзауэ центрым и лэжьакІуэхэм видеозэпыщІэныгъэ Іэмалкіэ щІыхуи 124-м епсэлъащ, телефонкІэ 455-м я упщІэхэм жэуап ираташ, амбулаторнэу зэІэзэ щІыху 182-м я щытыкІэм щыгъуазэ защІащ.

Оперативнэ штабым хэтхэм захуигъаззри, КІуэкІуэ Казбек гулъытэ хэха хуищІащ коронавирус узыфэм теухуауэ щыІэ щытыкІэр щызэпкърахьу УФ-м и Правительствэм хэтхэм къэралым и Президентым щэкІуэгъуэм и 18-м ядригъэкІуэкІа зэІущІэм мыхьэнэшхуэ зиІэ хуэзгъэпса оперативнэ штабым и зэІущІэр.

Къэпщтэмэ, къэралым и Унафэщ1ым къалэн зэращищІам тету, хагъэхъуэнущ хущхъуэу къыщІагъэкІым, къэрал, щІыналъэ аптекэхэм ахэр ирикъуу яІэрыхьэн папщІэ. Апхуэдэуи нэхъыбэ ящІын хуейщ махуэ кьэс ирагъэкІуэкІ тест къэпщытэныгъэхэр икІи КъБР-м щыпсэухэм абы кърикІуахэр нэхъ псынщІэу кьащІэн щхьэкІэ а лэжьыгъэм зэману трагъэкІуадэр ягъэмэщІапхъэщ.

Щ1ыналъэм и Іэтащхьэм гулъытэ щхьэхуэ хуищІащ поликлиникэхэр транспорткІэ кьызэгъэпэщыным. КІуэкІуэ К. В. абыкІэ жэуап зыхь Іэнатіэхэм къэзгъэнащІ ящищІащ поликлиникэхэр зыхущыщІэ транспорт къахуэщхьуным теухуа Іуэхур икІэщыпІэкІэ зэфІагъэкІыну.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ къэралым и Президентым иригъэкІуэкІа зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящІащ амбулаторнэу зэІэзэ сымаджэхэр хущхъуэхэмкІэ пщІэнщэу кьызэгъэпэщыным хуэунэтІа зэгурыІуэныгъэ лІэужьыгъуэ псори нэсу (процентищкІэ) щызэращІыла щІыналъэхэм. КІуэкІуэ Казбек КъБР-м и Гъэзэщ1акІуэ властым и органэхэм фІыщІэ яхуищІащ а Іуэхум жьыджэру яужь зэритым папщІэ икІи амбулаторнэу ягъэхъуж сымаджэхэр зыхуэй хьу хущхъуэхэмкІэ и чэзум кьызэгъэпэщыным тКІийуэ я нэІэ трагъэтыну ахэр кьыхуриджащ.

Республикэм и Іэтащхьэм зэІущІэм щхьэхуэу фІыщІэшхуэ щахуищІащ узыфэ зэрыщІалэ нэхъ щынагъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ сымаджэхэм я лэжьакІуэхэм. КІуэкІуэ Казбек кьыхигъэщащ республикэм и щІыху куэдым дохутырхэм, сымаджэщхэм я лэжьакІуэхэм псоми социальнэ сетхэмкІэ фІыщІэ зэрыхуащІыр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м зэхэтынущ.

Зэ1ущ1эм щыщ1идзэнур сыхьэти 10-рэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Бахъсэн щІыналъэм и кІэн щынагъэблэгъащ Щэнхабзэмкіэ унищ зэгъэпэщыжыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Бахъсэн щІыналъэм мыгувэу щахухынущ Щэнхабзэмкіэ унищ зэгъэпэщыжыныр - Кьыщпэк, Зеикъуэ, Кременчуг-Константиновскэ къуажэхэм дэтхэр зыхуей хуагъаз.

МЫ ЗЭМАНЫМ унэ щІыбхэр зэрахьэ, ухуэныгъэхэм кьедза щІыпІэхэр зэІуэзэпэщ ящІ, апхуэдэуи пэш кІуэцІхэм кІэлъоІэбэж. Унэхэр зэзыгъэпэщщыж Іуэхущапіэхэм я лІыкІуэхэм зэрыжаІамкІэ, лэжьыгъэхэр яубзыхуэ пІалъэм фІэмыкІыж яухынущ.

Илъэсипщ1 бжыгъэкІэрэ зэрамыгъэпэщщажа Щэнхабзэ унэхэр кьыщызэІуахьыжьыну кьахуэмыгъэсу поплъэ жьлэдзсхэр. ЦІыхухэм я нэгузестхэуэжьыпІэхэр, зыгъэпсэхуплъэ сымаджэхэм я щытыкІэм кІэлъыплъныныр, аэр зэрагъэхъуж Іэмалхэм набдзэгубдзапІъэу я нэІэ тетыныр. 2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 9-м къыщыщІэдзауэ центрым и лэжьакІуэхэм видеозэпыщІэныгъэ Іэмалкіэ цІыхуи 124-м епсэлъащ, телефонкІэ 455-м я упщІэхэм жэуап ираташ, амбулаторнэу зэІэзэ щІыху 182-м я щытыкІэм щыгъуазэ защІащ.

Оперативнэ штабым хэтхэм захуигъаззри, КІуэкІуэ Казбек гулъытэ хэха хуищІащ коронавирус узыфэм теухуауэ щыІэ щытыкІэр щызэпкърахьу УФ-м и Правительствэм хэтхэм къэралым и Президентым щэкІуэгъуэм и 18-м ядригъэкІуэкІа зэІущІэм мыхьэнэшхуэ зиІэ хуэзгъэпса оперативнэ штабым и зэІущІэр.

Къэпщтэмэ, къэралым и Унафэщ1ым къалэн зэращищІам тету, хагъэхъуэнущ хущхъуэу къыщІагъэкІым, къэрал, щІыналъэ аптекэхэм ахэр ирикъуу яІэрыхьэн папщІэ. Апхуэдэуи нэхъыбэ ящІын хуейщ махуэ кьэс ирагъэкІуэкІ тест къэпщытэныгъэхэр икІи КъБР-м щыпсэухэм абы кърикІуахэр нэхъ псынщІэу кьащІэн щхьэкІэ а лэжьыгъэм зэману трагъэкІуадэр ягъэмэщІапхъэщ.

Щ1ыналъэм и Іэтащхьэм гулъытэ щхьэхуэ хуищІащ поликлиникэхэр транспорткІэ кьызэгъэпэщыным. КІуэкІуэ К. В. абыкІэ жэуап зыхь Іэнатіэхэм къэзгъэнащІ ящищІащ поликлиникэхэр зыхущыщІэ транспорт къахуэщхьуным теухуа Іуэхур икІэщыпІэкІэ зэфІагъэкІыну.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ къэралым и Президентым иригъэкІуэкІа зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящІащ амбулаторнэу зэІэзэ сымаджэхэр хущхъуэхэмкІэ пщІэнщэу кьызэгъэпэщыным хуэунэтІа зэгурыІуэныгъэ лІэужьыгъуэ псори нэсу (процентищкІэ) щызэращІыла щІыналъэхэм. КІуэкІуэ Казбек КъБР-м и Гъэзэщ1акІуэ властым и органэхэм фІыщІэ яхуищІащ а Іуэхум жьыджэру яужь зэритым папщІэ икІи амбулаторнэу ягъэхъуж сымаджэхэр зыхуей хьу хущхъуэхэмкІэ и чэзум кьызэгъэпэщыным тКІийуэ я нэІэ трагъэтыну ахэр кьыхуриджащ.

Республикэм и Іэтащхьэм зэІущІэм щхьэхуэу фІыщІэшхуэ щахуищІащ узыфэ зэрыщІалэ нэхъыбэ щынагъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ сымаджэхэм я лэжьакІуэхэм. КІуэкІуэ Казбек кьыхигъэщащ республикэм и щІыху куэдым дохутырхэм, сымаджэщхэм я лэжьакІуэхэм псоми социальнэ сетхэмкІэ фІыщІэ зэрыхуащІыр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

Пщ1э зыхуэтщІ щІэджьыкІакІуэхэ!
2020 гъэм фокІадэм и 1-м щІидзауэ йокІуэкІ 2021гъэм и ябэ илъэс ныкъуэм щІыхьэну я1эрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр.

НЭХЪ фыдзэзыхьэх, фІыуэ фЛъагъу къыдэкІыгъуэхэм Іэ щытедзэз хъунущ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ къудамэхэм, почтамтхэм е podpiska. pochta.ru. сайтым.

Іэ зытедзэ газетхэр, журналхэр и чэзум фи унэхэм ныфхуэтхьыну е пощт къудамэхэм (фэ фыщьхуейм дэж) щывзэтТыжьыну кьалэн зыщьыдощІыж.

КъыдэкІыгъэхэм Іэ тедзэным теухуа фи упщІэхэм жэуап крататыжынущ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ къудамэхэм я лжьакІуэхэм.

Іэ тедзэным феужьэрэкІыну, а Іуэхур иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхуходжэ.

«Адыгэ псалъэ» зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кІэнІейкІэ 76-рэщ. Ди индексыр П 5894.

КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и федеральнэ управленэ.

Сабийхэм я сэбэп зыхэлъхэр яхъумэ

Хеящ1э приставхэм я федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хеящ1э пристав нэхъыщхьэ Бауаев А. Къ., Сабийм и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Лъынэ С. А. сымэ 2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м Хеящ1э приставхэм я федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унэм щІыхухэм щаІущІащ. КъБР-м щІыпсэу дэтхэнэми Іэмал иІащ а Іуэхущапіитіми я унафэщІхэм епсэлъылІэну. Ар и щІыхьэтщ унафэщІхэр я унэтІныныгъэм хуэгъэза Іуэхухэмкіэ щІыхухэм зэрахуэзІухам. ЗыкъыІэзрыхуагъэза зы Іуэхуи гулъытэнщэу къэнакъым а махуэм, дэтхэнэ упщІэми жэуап пыухькІа ягъэтащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ мыпхуэдэ зэІущІэхэр щІэх-щІэхьыурэ кьызэрызэрагъэпэщыр икІи ахэр хуэгъэзащ ди щІыхухэм ящыщу зи щхьэ Іуэху нэхъ дэзымыгъэкІыжьыфэм - сабийхэм - къащхьэщыжьыным, абыхэм ехьэлІа Іуэхухэр зэпкърыхьыным. Сабийм и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэр жьыджэру яужь итщ анагъэмрэ сабиигъэмрэ хъумэным хуэгъэза къэрал политикэр пхьигъэкІыным, а Іуэхум ар зи къалэн Іуэхущапіэхэр зэдгегугъуным. Сыту жыпІэмэ, ар ящыщщ ди къэралым игъэнэхъыщхьэ къалэнхэм. Урысейм и УФССП-м и кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм гулъытэшхуэ хуещІ алиментхэр сабийм къратыным теухуа Іуэхухэм кІэлъыплъныным, ар ныбжьыщІэм иІэ хуитныгъэхэр нэсу кьыхуэгъэсэбэпыным ехьэлІа Іуэхуу зэрыщытым, балигъыпІэ иувэхукІэ и адэ-анэм япІыну зэрахъэлъаным кьыхэкІыу.

ЦІыхухэр Управленэм и унафэщІхэми алиментхэр и чэзум икІи ирикъуу сабийм Іэрыхьэным зи нэІэ тетын хуей Іэщ1агъэлІэхэми яІущІащ. Зэ1ущІэхэм наІуэ къыщыхъуащ а Іэнатіэм щыІэ гугъуехьэхэр икІи ахэр гъэзэщІа хъуным хуэщхьэпэну хэкІыпІэхэм щытепсэлъыхьащ. Мы Іуэхум и купщІэ нэхъыщхьэр социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхум сэбэпынагъ нэхъыбэ кІэлъпэкІуэу щызэдгелъэжьнырщ.

УФ-м и Хеящ1э приставхэм я федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэми Сабийм и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэми кьызэрагъэпэщ мы Іуэхум теухуауэ судым кьищта унафэхэр гъэзэщІа хъуным хуэунэтІа Іуэху псори. А гъэкІыгъэр адэкІи темыплъэкъукІыу ирагъэкІуэкІынущ.

Адыгэ псалъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхьылъыр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхьылъыр етын

Іэщын Жаннэ Владимир и пхъум – Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм Налшык къалэм щиІэ Инспекцэ №2-м щІыпІэхэм къэпщытэныгъэхэр щегъэкІуэкІыным-кІэ и кьудамэ №1-м и къэрал налог инспектор нэхъыщхьэм

Бережновэ Ириндэ Анатолий и пхъум - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм Налшык къалэм щиІэ Инспекцэ №2-м камеральнэ къэпщытэныгъэхэмкІэ и кьудамэ №1-м и унафэщІым и къуэдзэм

Дзагуей Мадинэ Музэчыр и пхъум - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и Щ1ыналъэзэхуаку инспекцэ №6-м учётымрэ налог зытхэм ядэлэжьэнымкІэ и кьудамэм къэрал инспектор нэхъыщхьэм

Къунаш Еленэ Мухьэмэд и пхъум - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм къэпщытэныгъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІым и къуэдзэм

Юсупов Муссэ Исмэхьил и къуэм - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм къэпщытэныгъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м
№148-УГ

Бахъсэн щІыналъэм хьихьэ Псыхъурей къуажэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухькІа (карантин) щыгъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Бахъсэн щІыналъэм хьихьэ Псыхъурей къуажэм щыщ Іыхьэм и щІыналъэм хъащхьэрыІуэ уз зыпкърыт псэущхьэ щыІэу наІуэ къызэращІам къыхэкІыу, «Ветеринарием и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Федеральнэ закон №4977-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ветеринариемкІэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэм 2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м кьиІэхьа тхьигъэ №38-02-06-1557-м тету, хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдэн мурадкІэ:

1. Бахъсэн щІыналъэм хьихьэ Псыхъурей къуажэм щыщ Іыхьэм, Кьатахъэным, Таракиным, Сыжажэм, Чкаловым я щІэхэр зезыхьэ уэрамхэр зыхьихьэм, мардэ пыухькІахэр (карантин) махуэ 60 пІалъэкІэ щыгъэувын.

2. Карантиным хиубыдэ зэманым мы унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуа щІыпІэм унагъуэ Іэщыр кьыщыдагъэкІыну, щагъэхъуну, абыхэм хьэхэмрэ джадухэмри яхэту, а щІыпІэм ирашурэ нэгъуэщІ щІыпІэ яшэну, ящэну хуит ящІыркъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм хузэгъэувыл хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдыным хузэгъэзэщІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм щыгъуэу зэхилъхьэу игъэзащІэну.

4. Мы унафэм кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№114-РГ



● Пщ1эдей

Зи лъэужьыр мыкІуэдыжын

Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъапІэ кьызэралъхурэ илъэсищ ирикъу, лъэпкъ усыгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, зэдзэкІакІуэ Іэзэ, щІэныгъэлІ КІуащ Бетлан Ибрэхьим и къуэр.

ЛЪЭПКЪЫЛІ щэджащэр 1920 гъэм щэкІуэгъуэм и 22-м Дохъушыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым Налшык къалэ дэт, педрабфакІэ зэдзэ еджапІэм щІэтІысхьащ, ар 1936 гъэм къиухри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогикэ институтым филологиемкІэ и кьудамэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызэригъэгъэтащ. Еджэныр хъарзынэу зэзыгъэхьуІа щІалэщІэр 1940 гъэм КъуэкІыпІэ Жыжьэм лэжьыгъэ Іуэхукіэ кІуащ. Хэку зауэшхуэр хъэхъеихункІэ БетІал абдеж щыІэ урыс къуажэхэм яІуэхэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэу щыІэжьащ.

Езым фІэфІу зэуэпІэм Іухьа щІалэм адыгэпІэм и щапхъэ щигъэлъапІэгъуэу, лЫгъэ щызэрихьэу хэтащ абы. БетІалщ Витебск щхьэхуит зэращІыжам и дамыгъэр - Бэракъ плъыжьыр - къалэм и унэ нэхъ лъагэ дыдэм къыщыпызылъар. Майор щІэр иІэу заузэр къезыхьэлІа КІуащым зэрихьа лЫгъэм пэкІуэу дамыгъэ зыбжанэ хъыхуагъэфэщащ: Бэракъ Плъыжьым, Невскэ Александр и щІэр зезыхьэ, Хэку зауэшхуэм и етІуанэ нагъыщІэр зиІэ, Вагъуэ Плъыжьым я орденхэр, медальхэри.

КІуащ БетІал зауэр зэрыувыІэу Лейпцик щалэм и администрацэм и унафэкІэ пэрагъэувыщ щІыхуб эм щІэныгъэ егъэгъуэтыныкІэ инспектор Іэнатіэм. 1947 гъэ пщІондэ Хэкум къэмыкІуэжу КІуащым зигъэгъвэныр къызыхэкІар аращ. И гупэр унэмкІэ зыкъзригъэзэжри БетІал СССР-м ЦІыныгъэхэмкІэ и Академиемэ Марр Николай и цІэр зэрихьэу хэт институтым и аспирантурэм щІэтІысхьащ. Ар къиуха нэужь, Къэбэрдейм къыгъэзэжри, щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и лэжьакІуэу, итІанэ «Къэбэрдей» альманахым жэуап зыхь и секретару щытащ.

1957 гъэм накъыгъэм и 1-м КІуащ БетІал дунейм екьжащ.

Адыгэ лЫпкъ усыгъэм игъэта зыужьныгъэм и гугъу щыпщІкІэ, КІуащым абы хуищІа хэлъхьэныгъэм ублэкІынкІэ Іэмал иІэкъым. Зауэ нэужь лЫхъэзэм хэгъэгум щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм яжь къыщІихуами, адыгэ псалъэм и кІуэкІэм жьы Іурыхьэгъуэ щІэщыгъуэ езытар, псалъэ гъэпсыкІэм ухуэкІэ хьэлэмэт хэзылъхьар КІуащырщ. И Іэдакъэ къыщІэкІа тхьигъэхэм ущеджэкІэ усакІуэ щІалэр зытет дунейм зэрыхуэнэхъуеинщэр, кьиргъэщІ гъащІэр зэрыфІэІофІыр, сыт хуэдэ дахагъэмри гурэ псэкІэ зэрыхуэщар кьыхьыбоубыдыкІ. «Йндыл» зыфІища и поэмэр КІуащым и литературэ къэгъэщІыгъэхэм я жьь къыщІихуами, адыгэ псалъэм и кІуэкІэм жьы Іурыхьэгъуэ щІэщыгъуэ езытар, псалъэ гъэпсыкІэм ухуэкІэ хьэлэмэт хэзылъхьар КІуащырщ. И Іэдакъэ къыщІэкІа тхьигъэхэм ущеджэкІэ усакІуэ щІалэр зытет дунейм зэрыхуэнэхъуеинщэр, кьиргъэщІ гъащІэр зэрыфІэІофІыр, сыт хуэдэ дахагъэмри гурэ псэкІэ зэрыхуэщар кьыхьыбоубыдыкІ. «Йндыл» зыфІища и поэмэр КІуащым и литературэ къэгъэщІыгъэхэм я жьь къыщІихуами, адыгэ псалъэм и кІуэкІэм жьы Іурыхьэгъуэ щІэщыгъуэ езытар, псалъэ гъэпсык

● Гъэмахуэ хъупIэхэм

2020 гъэм кърикIуахэр

Иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ хъупIэхэм Iэщ щызыIыгъхэм я Iэхэр щефIакIуэ зэпытщ. Ар, дауи, ди гуапэ мыхъункIэ Iэмал иIэкъым.

ИДЖЫБЛАГЪЭ дэ телефонкIэ зыпытщIащ республикэм и гъэмахуэ хъупIэхэм щыIэ штабхэм я унафэщI, КЪБР-м ветеринар медицинэмкIэ и центрым и тхьэмадэм и къуэдзэ Иуан Аскэрбий.

- 2020 гъэм кърикIуахэр арэзы дыкъэзыщIщ. ТхужьIэнущ зи гугъу тщIы Iэхэм ехьэлIауэ КЪБР-м и Правительствэм дызэрыт илъэсым накъыгъэм и 15-м къыдигъэкIа унафэр, республикэм и хозяйствэхэм, абыхэм уней зэгухьэныгъэхэри яхэту, я Iэщыр гъэмахуэ хъупIэхэм егъэзырабгъуу щалIыгъынымрэ къыщалэжь продукцэм я фIагъым хагъахъуэныкIэ Iэмалхэр къызыхуэтынщэу къагъэсэбэпыным теухуар, гъэзэщIэныкIэ Iуэхущ1аIэ псоми яхуэзэфIэкI къызэрамыгъэнар. Къыхэдгъэщынщи, 2020 гъэм зи гугъу тщIа хозяйствэхэм Iэщыр гъэмахуэ хъупIэхэм ирагъэзэгъэн ипэ къихуэу, ар зи пщэ къыдэхуэхэм Iуэхэр, чэтхэр, бохэр щызэфIагъэувэжащ, Iэщыхъуэхэр зыIэсыну унэ кIуэцIхэр щызэрагъэпэщыжащ, Къуэштэн тIуащIэм дэт гъэш заводыр зыхуей хуагъэзащ, Гундалэн къуажэм егъэщIылIа электроподстанцым деж къыщыщIадзауэ Къуратыі кIейм нэсыху пхрашауэ щыта ток кIапсэхэр зэрагъэзэхуэжащ, километр 400-м нэблагъэ зи кIыхьагъ гъэгугъэр щызэрагъэзэхуэжащ, Хьэмащэ, Аурсэнтх щыIпIэхэм щыIэ штабхэм къедза псэупIэхэр зыхуей хуагъэзащ, - щыгъуазэ дыхуещI Иуаным.

Ди псэлъэгъуэм зэрыжиIэмкIэ, 2020 гъэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Лэскэн, Шэджэм, Шэрэдж, Iэущхьэмахуэ щыналъэхэм, Бахъсэн, Налшык къалэ округхэм я хозяйствэхэм ейуэ, КЪБР-м и гъэмахуэ хъупIэхэм, псори зэхэту, Iэщышхуэу - мин 33,2-м щигъу (абыхэм ящыщу мини 2,4-р жэм къашIэ), мэпхэу - мин 90-м нэблагъэ, шыхэу 6650-рэ щаIыгъащ. Нэгъабэрейм елъытауэ, Iэщышхуэм я бжыгъэр - 5642-кIэ, мэпхэр - 19298-кIэ, шыхэр - 473-кIэ нэхъыбэу щытащ.

Гъэмахуэ-бжьыхьэ лъахъэнэм къущхьэхъум жэм къашу итам, псори зэхэту, шэуэ тонн 3118-рэ къыщIашащ. Ар 2019 гъэм кърикIуам елъытауэ тонни 160-кIэ нэхъыбэщ. Республикэм и гъэмахуэ хъупIэхэм мэкъумылэу щызэрагъэпэщащ тонн 19514-рэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

«Шу хасэм» хэтхэр Шапсыгъым щызэIуощIэ

Шы Iуэхум епхауэ иужьрей зэманым лэжьыгъэ щхьэпэ куэд республикэми абы и щыбкIи зэрыщекIуэкIыр ди нэгум щIокI. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр а жэрдэмхэр щIыпIэ-щIыпIэкIэ щызэбгрыдза лъэпкъыр зэрыубыдыжынымкIэ, адыгэшым и пщIэм къэралми дунейми зыщиубгъунымкIэ зэрыщIхьэпэрщ.

ХЫIУФЭIУС Шапсыгъым ит Лазаревскэ къалэм щекIуэгъуэм и 14-м щызэхэтащ щыналъэ зыбжанэ къызэщIэзыубыдэ «Шу хасэ» зэгухьэныгъэм и зэхуэс. ЗэлыщIэр хыIуфэIус шапсыгъхэм я «Адыгэ Хасэм» и хэщIапIэм ДАХ-м и вице-президент КIэкIыхъу Мажид и нэIэ щIэту щекIуэкIащ.

«Шу хасэм» и лэжьыгъэм хэтащ Адыгейм, КЪБР-м, КЪШР-м, хыIуфэIус шапсыгъхэм (Краснодар крайм) къикIа лыкIуэхэр. Абы къыщащта унафэхэр епхат гъэ блэкIам зэфIаха лэжьыгъэхэм, илъэсыщIэ зытехьэнум зыхуагъэувыж мурадхэм, щIэуэ «Шу хасэм» хагъахьэхэм, къинэмыщIхэм.

ЩэкIуэгъуэм и 21 - 22 махуэхэм КЪБР-м щекIуэкIынущ Нартан и Iэгъуэблагъэм ит «Гуэрэн» шы зехуапIэм УФ-м Шы спортымкIэ и федерацэмрэ Адыгэшыр хъумэнымкIэ фондымрэ къыщыззрагъэпэщ, дунейпсо, урысейпсо мыхьэнэ зиIэ шыгъажэ кIыхьхэмкIэ зэхьэзэхуэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Гъуэныбэ Iэуес Къэзан щытокIуэ

Тэтэрстаным и къалащхьэ Къэзан и «Ак Барс» спорт комплексым щекIуэкIащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Сахабутдинов М. алыдж-урым бэнэкIэмкIэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ. Абы текIуэныгъэр къыщихьащ Гъуэныбэ Iэуес.

ЗИ НЫБЖЬЫР илъэс 21-м нэмысахэм я урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтащ къэралым и щIыпIэ куэдым щыщ бэнакIуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр абы къыщыхьжаныкIащ.

Килограмм 82-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм ди лъахэгъу Гъуэныбэ Iэуес къыщыплъэщын кхахэкIакъым. Ар и хьэрхуэрэгъу псоми ефIэкIыфащ икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

Гъуэныбэм зымащIэкIэщ къызэрыкIэрыхуар ХъуэкIуэН Альберт. Килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэныкъэкъум ар къыщыхагъэщIэфар кIэух зэгуащIэращ икIи дыжьын медалыр къыльысащ.

«Финал цIыкIум» щытекIуэри, Къэзан щыIа зэхьэзэхуэм ещанэ увыпIэкэр щафыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэу Мамедов Аслъэн (кг 63-рэ), Щамырзей Къантемыр (кг 77-рэ), Тэхъу Беслъэн (кг 87-рэ) Бичекуев Даулет (кг 97-рэ) сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

«Сыхэт сэ? Уи гум щыщ зы Iыхьэщ»

Налшык къалэ дэт, Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхьилъ тедзапIэм адыгэ усакIуэшхуэ КIуащ БетIал къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум ирихьлIэу къыщыдзекIащ апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ тхьилъ. Абы ихуащ усакIуэм теухуа гукъэкIыжхэр, Лиснянская Иннэ зэридзэкIауэ КIуащым пасэу и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэр. Тхьилъым ибгъуэтэнущ иджыри къыздэсым зыщIыпIи къытемыхуа сурэтхэри.

● Iхыгъыщ1э

ХЭТ хъуну-тIэ ар, апхуэдизу гъащIэ мащIэ дыдэу щыта КIуащ БетIалкIэ зэрдэж? БетIал усакIуэ гъуэзэджэщ. Тхьэм езым кърита сэнаущыгъэ зыхэлъ цIыкУ кIабзэщ. Адыгэ усыгъэм и классикщ. Сатыру хъыщIитэкIым нэхурэзэ дахагъыу зыхъуэдиз зи псэмрэ зи гущIэмрэ щызэтрихьа цIыкУ хьэлэмэтщ.

Тхьэм абы къыхуиухар кIэщI дыдэт - илъэс 37-рэщ зэрыхъур къигъэщIар. Абы щыщу илъэсиплIыр Хэку зауэшхуэм щихьащ. Зауэм щызэрихьа лIыгъэр абы и тхьдэми дыщэпсу хэтхащ - аращ, КIуащырщ белорус къалэ Витебск щхьэхуит зэращIыжам щыхьэт техьуэ бэракъыр щхьэщызыIэтар. Зэрихьа лIыгъэм пэкIуэу абы къыхуагъэфащат Невский Александр и цIэр зезыхьэ орденыр.

КIуащ БетIал дзэм къыщикIыжар 1947 гъэрщ. абы къыкIэлъыкIуа илъэсипщIырщ усакIуэ щIалэм къэзымыр щигъэбзар, адыгэ усыгъэм хилъхьэну щIэмрэ щIэщигъуэмрэ къыщилъыхъуар, ипэкIэ щымыIауэ усэм гъэпсыкIэщIэ щритар, зэдзэкIыгъэ хьэлэмэтхэр и къалэмыпэм къыщыщIэкIар. Щэч хэлъкъым, нэхъыбжи хуэзфIэкIынут, нэхъри зиуэзщIыфынут, ауэ хунэсакъым.

БетIал щыпсэу Налшык къалэ зыхилъхьэ щыIакъым. Абы хуэузэрт, абы уэрэдхэр хуэзхилъхьэрт. Езым зэхихьжыну хунэмысами, БетIалщ зэхэзылъхьар Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум ирихьэлIэу Мэзкуу щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхьихьэм щагъэIуа «Налшык» уэрэдыр.

Дунейм къытехьа тхьилъым итщ БетIал и кхъащхьэм трагъэуваущ щыта мывэсынхэм я сурэтхэр. Япэрей фэеплъыр Нало Заур и жэрдэмкIэ къызэIуахауэ щытащ. ЕтIуанэр 2015 гъэм зыгъэувар Котляров Викторт. Ещанэу ар КIуащхэ я лъэпкъым къагъэщIэрэщIэжащ. Мызыгъуэгум абы тетынущ БетIал и ныбжьэгъуфIу щыта Гамзатов Расул абы хуэзхилъхьауэ щыта «Нэпс ткIуэпс» усэм щыщ пычыгъуэ.

КIуащ БетIал илъэси 100 зэрырикъум ирихьлIэу къызэрагъэпэщыну пэкIур щэкIуэгъуэм и 22-м сыхьэт 12-м хуежьэу щекIуэкIынущ ар щIэщIэ къхъэм. ЩIыпIэкIэ ар зыхуэзэр Налшык къалэ хуит къыщащыжым хэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъым дежщ.

ПэкIум хэтыну псоми Котляровхэ я тхьилъ тедзапIэм къыщыдзекIа «Сыхэт сэ? Уи гум щыщ зы Iыхьэщ...» тхьилъыр тыгъэу иратынущ.

Налшык къалэ дэт Пощт Iуэхущ1апIэшхуэми КIуащ БетIал къыщалъхуа махуэм ирихьлIэу къыдагъэкIа пощт маркэр а махуэ дыдэми утыкум кърахьэнущ.

ШУРДЫМ Динэ.

Шылэм дыщэпскIэ хэдыкIауэ

Азербайджаным щыщ сурэтыщI Мамедзаде Тунзалэ и Iэдакъэщ1экI телъыджэм муслъымэн дунейр итхьэкъуащ. Бзылъхугъэм шылэ хъарым дыщэпскIэ къурIэныр зэрыщыту хидыкIащ.

АБы шылэу метр 50, дыщэ, дыжьын лэчу литрррэ нокъуэрэ ихьащ. Тунзалэ а гукъэкI дахэр къыщыхуэкIуар Истамбул дэт Мармарэ Университетым тхыдэмрэ гъуэзджэхэмкIэ я доктор щыхъуарщ. И интервьюхэм ящыщ зым абы щыжеIэ диссертацэр итхыху иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм КъурIэныр шылэм нэхъапэкIэ зыми къызэрыхимыщыкIар кхъыщиIэу, абы зэрытегушхуар.

«Си япэ КъурIэныр шылэм къыхэщIыкIащ, абы Iеягъэ лъэпкъ хэслъагъуэркъым, езы Тхьилъ ЛъапIэм а щэкIыр дурысу итщи», - жеIэ бзылъхугъэ Iэпэлэсэм. Илъэсищ1кIэ елэжьащ ар тхьилъым. Абы хьэрыпыбзэр фIыуэ зэрищIэм лэжьыгъэр щигъэпсынщIащ.

«Лэжьыгъэр нэхъ псынщIэу нэзгъэсыну сыщIэхъуэпсырт. Ар зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ си Iэрыкщ. Алыхьым фIыщIэ хуэощI ар къыззрыздигъэпсынщIам папщIэ. СынасыпыфIэщ, шылэм къыхэщIыкIа япэ КъурIэныр схуэщIащи».

НапэкIуэцIхэм я бгъуэгъыр см 29-рэ, лъагагъыр 33-рэ мэхъу. Ар тритхьыкIащ Тыркум дин IэхуэхэмкIэ и комитетым егупъуу щахьымэ КъурIэным.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIынущ фрирайдымкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэр

«Freeride World Qualifier» дунейпсо зэпеуэм и япэ урысей Iыхьэр Iуащхьэмахуэ и бгы нэкIуэхэм 2021 гъэм щIышылэм и 20 - 25-хэм щекIуэкIынущ.

«Elbrus Alpindustria FWQ 2*»-м Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщу хэтынущ а спортым нэхъ хуэIэзэ дыдэ спортсмени 110-рэ, абыхэм я нэхъыфI 50-р кIэух зэпеуэм щызэхьэзэхуэнущ. Абы щытекIуэхэм саугъэт лъапIэхэр иратынущ икIи «Freeride World Qualifier» дунейпсо зэпеуэм хэтынымкIэ Iэмал ягъуэнущ. Къыззэхьыну бгы нэкIур зэхьэзэхуэхэм къагъэуэ мардэхэм тету къыхахынущ, абыхэм цIыхухэри кIэлъыплъыфынх хуэдэуи щытынущ.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Мы махуэхэм

ЩэкIуэгъуэм и 21, *щэбэт*

♦Философием и дунейпсо махуэщ
♦Телевиденэм и дунейпсо махуэщ
♦Тутын емыфэным и дунейпсо махуэщ
♦Сэлам зэхьным и дунейпсо махуэщ
♦Урысей Федерацэм и налог органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ. 1991 гъэм щэкIуэгъуэм и 21-м РСФСР-м и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ Къэрал налог Iуэхущ1апIэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.
♦Бухгалтерым и махуэщ
♦Алыджым Iэщ1кIэ зэщIэузэда и къарухэм я махуэщ
♦1877 гъэм Америкэм щыщ щIэныгъэлI Эдисон Томас хэIущIыIу ищIащ фонограф къызэригупсысам теухуа хъыбарыр.
♦1916 гъэм Эгейскэ тенджызым, нэмыцкэхэм псым хадза лагъымым жьэхэуэри, щыщIынэфащ Инджылызым и «Британник» кхъухьыр. Абы ещхь «Титаник»-р, мыл джейм жьэхэуэри, 1912 гъэм и мэлыжьыхьым Атлантикэ тенджызым щыщIынэфащ.
♦1965 гъэм Москва къыщызэIуахащ Сабий музыкэ театрыр. Иджыпту абы зэрехьэ режиссёр цIэрыIуэу, тхакIуэу, драматургыу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата, СССР-м и цIыхубз артисткэ Сац Наталье и цIэр.
♦Франджы усакIуэ, тхакIуэ, публицист, тхыдэдж **Вольтер** къызэралъхурэ илъэс 326-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, СССР-м и цIыхубз артист **Глузский Михаил** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.
♦Совет композитор-уэрэдус, актёр, СССР-м и цIыхубз артист, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата **Френкель Ян** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.
♦Сурэтыщ1-живописец, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Маргъуц Анатолий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦БэнакIуэ цIэрыIуэ, Олимп чемпион, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Мамиашвили Михаил** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-мкIэ, Налшык уфаэу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым 1 градус щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 22, *тхьэмахуэ*

♦Къуэхэм я дунейпсо махуэщ
♦Урысейм щагъэлъапIэ Психологхэм я махуэр
♦Азербайджаным и юстицэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ
♦Армением и банк лэжьакIуэм и махуэщ
♦Ливаным и щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1943 гъэм Ливан Республикэр Франджым и тепщэныгъэм къызэрыщIэкIым теухуа унафэ къащтащ. Ар я махуэ нэхъ лъапIэхэм ящыщу къалъытэ ливанхэм.
♦1717 гъэм Пётр Езанэм къыдигъэкIащ Астрахань губернэ щхьэхуэ къызэрызэрагъэпэщым теухуа унафэ.
♦1917 гъэм Канадэм къыщызэрагъэпэщащ иджыпсту дунейм пщIэ нэхъ щызиIэхэм ящыщ спорт зэгухьэныгъэр - Лъэпкъ хоккей лигэр - НХЛ-р.
♦1920 гъэм къызэрагъэпэщащ урыс щIэныгъэлI-механик Жуковский Николай и цIэр зезыхьэ дзэ-хьэуа академиер.
♦1941 гъэм Ладогэ гуэлым пхыкI мыл гъуэгур («ГъащIэм и гъуэгу» зыфIащуэ щытар) къызэIуахащ.
♦1956 гъэм Мельбурн (Австралие) къыщызэIуахащ XVI Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр екIуэкIащ щэкIуэгъуэм и 22 - дыгъэгъаэзм и 8-хэм. Абы хиубыдэу шы спортымкIэ зэхьэзэхуэхэр Стокгольм (Швеце) щызэхэтащ 1956 гъэм мэкъуаэгъуэм и 10 - 17-хэм.
♦1960 гъэм СССР-м къыщыдагъэкIащ «Запорожец» автомобильщIэр.
♦1963 гъэм Даллас къалэм (Техас штат) щаукIащ США-м и 35-нэ президенту щыта Кеннеди Джон.
♦1982 гъэм Набережные Челны къалэм зэреджэр Брежнев жиIэу зэрахъуэкIащ. 1988 гъэм щIышылэм и 6-м къалэм нэхъапэм иIа цIэр иратыжауэ щытащ.
♦1990 гъэм Инджылызым и премьер-министр Тэтчер Маргарет хьыбар зэбгрыригъэхащ илъэс пщыкIузкIэ зытета а къулыкъым зэрытекIым теухуауэ.
♦Урыс лексикограф, тхакIуэ, дохутыр, нобэми къагъэсэбэп урысыбзэ псалъалъэ зэхэзэлъхьа **Даль Владимир** къызэралъхурэ илъэс 219-рэ ирокъу.
♦Къэрал, дзэ къулыкъущIэ, Франджым и 18-нэ президенту щыта **Шарль де Голль** къызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.
♦Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ, зэдзэкIакIуэ, щIэныгъэлI **КIуащ БетIал** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.
♦Совет усакIуэ-уэрэдус, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Добронравов Николай** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Уэлджыр Мушэхьид** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Совет фигуристкэ, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп Джэгухэм тIэунейрэ щытекIуа **Белоусовэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Журналист, политик цIэрыIуэ, УФ-м печатымкIэ и япэ министру щыта **Полторанин Михаил** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КЪБКУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КЪБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зрата **Шыбзыхуэ Азэмэт** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Урысей щIэныгъэлI, политик, УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщIу щыта **Хасбулатов Руслан** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦КЪБР-ми АР-ми щIыхь зиIэ я артист **Иуан Владимир** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.
♦КЪБР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало Арсен** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦Журналист, КЪБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Владимир** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Адыгэ лъэпкъ фащэр дынымкIэ дизайнер, модельер, урысейпс, дунейпс зэпеуэ куэдым щытекIуа **Сэралъп Мадинэ** щыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-мкIэ, Налшык уфаэу, къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щIыIэр градуси 3 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 23, *блыщкъэ*

♦ПсыкIэ зэIыпх хъу лэчым и дунейпсо махуэщ
♦Къэзахъстаным и гъуэгу полицэм и махуэщ
♦Японием щагъэлъапIэ лэжьыгъэм фIыщIэ хуэщIыным и махуэр
♦1725 гъэм зэхэтащ Петербург щIэныгъэхэмкIэ и академием и япэ зэхуэсыр.
♦1763 гъэм Екатеринэ ЕтIуанэм и унафэкIэ Урысейм Медицинэ коллегие къыщызэрагъэпэщащ.
♦1917 гъэм ЦIыхубз комиссархэм я советым унафэ къыщащ Урысейм нэхъапэм щыIа лIакъуэ-къулыкъу зэхэтыкIэр щымыгъэIэжыным теухуауэ.
♦1965 гъэм Москва СССР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэщащ.
♦1993 гъэм Москва къалэм къыщIэжащ 1781 гъэм ягъэувауэ щыта гербыр.
♦2006 гъэм УФ-м и Правительствэм унафэ къыщащ Ипщэ федеральнэ университет къызэгъэпэщыным теухуауэ. Тэн Iус Ростов дэт а еджапIэ нэхъыщхьэр къэралым и вуз нэхъыфIэхэм хабжэ хуащ а илъэсипщIым къриубыдэу.
♦Адыгэ еджагъэшхуэ, тхыдэдж, филолог, уэзщIакIуэ **Нэгумэ Шорэ** къызэралъхурэ илъэс 226-рэ ирокъу.
♦США-м и 14-нэ президент **Пирс Франклин** къызэралъхурэ илъэс 216-рэ ирокъу.
♦Совет тхакIуэ, щIэныгъэмкIэ цIыхубз комиссару щыта **Луначарский Анатолий** къызэралъхурэ илъэси 145-рэ ирокъу.
♦Совет летчик-космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и Къэрал **Волков Владислав** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, журналист, зэдзэкIакIуэ **Уэрзей Афлик** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, тхакIуэ **ХьэкIуащэ Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхмкIэ и къудамэм и унафэщI, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **Нэщ1эпыджэ Замирэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-мкIэ, Налшык уфаэу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

АкъылыфIэм делэми бзэ къыхуегъуэт.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СпортымкIэ и министерствэм, КЪБР-м и спортым и ветеранхэм я советым хьыбар фагъащIэ СССР-м спортымкIэ и мастер, КЪБР-м и спорт комитетым и унафэщIым и къуэдзэу щыта, республикэм бэнэкIэмкIэ и федерацэм и унафэщIу лэжьа **Тобыл Шэхьбан Ахьмэд и къуэр** дунейм зэрехьжамкIэ икIи абы и Iыхьлыхэм, и благъэхэм яхуогузавэ.

Щіалэгъуэ

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар БАГЪЭТЫР Луиззщ

Гузэгъэгъуэ къозыт

● Щапхъэ

КЪБК-м Къалэн куэд щагъэзащіэ и центрым щіалэгъуалэ эчиифІэхэр щолажьэ. Абыхэм ящыщщ Іэуэхущіапіэм и Іэуэхутхьэбзэхэр цІыхухэм телефонкІэ щыхуащІэ секторым и лэжьакІуэ Серкэ Дианэ.

МЫ ГЪЭМ коронавирусым зиубгъун зэрыщІидзэрэ зи Іуэхур нэхъ гугъу хъуахэм а Іэнатіэр яцыщщ, сыту жыпІэмэ Іэщіагъэпіхэм я нэхъыбэм я лэжьыгъэр цІыхухэм ялэпэщІэу къызэрагъэпэщын хуей хъуащ. Къэбгъэльагъуэмэ, зы махуэм хъриубыдэу Іуэхущіапіэм цІыху миным нэблагъэ телефонкІэ щыпсалъэ къэхъуащ.

- Иджыпсту дызэрыт щытыкІэр (коронавирусым ехьэлІауэ) къэпльытэмэ, зыкъытхуэзыГъаззэхэм я Іуэхуэхэр зэрыхуКІэ телефонкІэ зэфІэдгъэкІыну иужь дитщ. Гугъуехьхэми, дауи, дыІуоуэ, ауэ Іуэхущіапіэм и унафэщІхэр тщІыгъуу хэкІыпІэхэр къыдогъуэт. Ди лэжьыгъэр цІыхухэм дадэзэпыкъунырщ, чэнджэщ ёттыныгрщ зытеуХуари, къыдэхъуІэпмэ, си гур хохъуэ, - жеІэ Дианэ.

Курп Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ Дианэ, КъБКъУ-м урысыбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэр къиухащ. Лэжьэн зэрыщІидзэрэ и щыгъуэ куэд зэхэтхащ. Апхуэдизу цІыхум я упщІахэм жэуап епту махуэ псом улажьэныр, дауи, тынШхьым. ЛэжьапІэ нэужьым Дианэ гухэхъуэгъуэ къезытыр, и къарум хэзыгъэхъуэжыр хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр зэрызэрихьэрщ. Псом хуэмыдэу абы гулъытэ зыхуищІыр сумкэхэмрэ цІыхубзхэм гъэмахуэм къагъэсебэп пыІэ бГъуфІэхэмрэ ищІыныщ.

- Хьэпшыпхэр зэІущэн зэрыщІэздзэрэ илъэсиІ мэхъу. Цы Іуданэкіэ зэІущ сумкэхэр зэращІ Іэмалыр Интернетым къыщыслъэгъуэти, сэри сехьуэпсащ апхуэдэ зыгуэркэр си Іэдакъэ къыщІэкІыну, - дыщегъэгъуазэ Дианэ. - Іэпэхь гъэрхэр схуэщІу щытащ курыт школым дызэрыщІэс ГъандэрэІ. А Іэщіагъэр фІыуэ сэзыгъэлъэгъуа ди гъэсакІуэ Багъэтыр Рае абы щхьэкІэ фІыщІэ хузощІ. Ялэ сумкэр си шыпхъум тыгъэ хэсщІат, къыкІэлъыкІуэу си Іэдакъэщіэкіэмкіэ си ныбжьэгъуэхэм сахуэупсац. ЕплІанэу зэІуСца сумкэраш си щхьэм къыхуэзгъэнэжар. А хьэпшыпхэр си Іэдакъэ къызэрыщІэкІар къыщищІэм, си ныбжьэгъу Аидэ сытригъэгъуэхуащ инстаграмым напэкІуэцІ къыщызэІуСхыу си лэжьыгъэхэр нэхъыбэм эгъэлъагъуну, зэбгрызгъэкІыну. Къапщтэмэ, цы зэрыхъэныр щІэупщІэ зиІэ, ди зэманым екІуу къыхьыхьэжа Іэщіагъэу хъэлпІытэ хъунущ.

Нэхъ пасэм цы Іуданэкіэ зыгуэрхэр зэІуэльщэу щытар ди анэшхуэхэрамэ, иджыпсту зи щІэлэгъуэ хъыджэбз щыкІу куэдым абы зыхуагъасэ. Ар Іэпщіэлъэпщіагъэ къудейуэ щыткъым, атІэ хьэпшып гуэрым ущелэжькІэ гузэгъэгъуэ къозытщ. Иджыпсту инстаграмым Іэмал кьыует цІыхубз Іэпщіэлъэпщіэ куэд зэбгъэцІыхуныи, абыхэм я лэжьыгъэхэм зыщыбГъэгъуэзэныи, я зэфІэкІым къыпхуэщІыхьэн гуэр къыхэпхыныи. Цы Іуданэкіэ сыти зэрыпхъэ хъунущ - сумкэм деж къыщыщІэдзауэ щыгъыни, гъэщІэрэщІа тхъэгъуэмрэ щыгъэхэмри. Сэ си лэжьыгъэхэм щІэщыгъэ гуэр зэрахэсІхьэнымк щыгъуи сыхущІокъу. Цы Іуданэ лІэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэр къызэрызгъэсебэпым хуэдэу, зэІусщэ сумкэхэри зэмыщхьу зэрыщІыным иужь ситщ. Псалъэм папщІэ, иджыпсту сызэлэжь сумкэм и щыкІэр адрейхэм куэдкІэ къащхьэщокІ. ФІыщІэ ин яхуэщІи си Іыхьлыхэми си ныбжьэгъухэми, си Іуэху цыкІыр егъэсФІэкІуэнымрэ хьэпшыпхэр зэбгрыкІы-ныкІэ сэбэп къызэрысхуэхъуэм папщІэ.

Мы зэманым ирихьэлІэу Дианэ и Іэдакъэ къыщІэкІа сумкэхэр 60-м ноблагъэ, цІыхубз пыІэу зэкІэ 4 иІэп. Абы и Іэдакъэщіэкіхэм щІэупщІэ яІэ хъуащ, уеблэмэ и сумки 5 Москва иригъэшащ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Уэзырмэдж и нысэ

Уэзырмэдж гъэзгу здытетым, зы шу къыІэщІэльэгъуащ. «Шу закъуэм игу илъ псор хэт ищІэн?» - жери Уэзырмэдж гъэзгум дидзыхащ, шур блигъэкІын мурад ищІри. Шур къэсри блэкІащ, Уэзырмэдж гу къыльитакъым.

«Мыр здэкІуэр зэзгъэщІэнщ», - жери Уэзырмэдж шум и ужь иващ. Шур къызэплъэкІакъым. Уэзырмэдж и ужь къыкІыркъым.

Шум и ужь ити кІуэурэ, мэзым бланэ къыхэжауэ къильэгъуащ Уэзырмэдж. Шум бланэр къиуКІащ, бланэр зэІихауэ къызэплъэкІри, Уэзырмэдж гу къыльитащ. Гу къыльитауэ иКІуэтыжынт - шум бГъэдыхьащ.

- Хьэкъуажэ! (щакІуэм ирах фІэхъус) - жери.

- ФІыкІэ ушх! - жери шум блатхьэр къиШиящ. Къишия щхьэкІэ, Уэзырмэдж блатхьэр къыхуэІэтакъым. Ар щІилъагъум, шум блатхьэр Уэзырмэдж и шыплІэм къыдилъхьащ.

- Уи ужь ситщи, зыгуэрым уэзригъэгумэщІыр солъагъу, - жиІащ Уэзырмэдж. - Сыт пхуэсщІэфын?

- Блатхьэ зыхуэмыІэтам сыт къысхуищІэфын? - жиІащ шум. - Си шыпхъу яхьащи, и лъэужь зызохуэ.

Абы нэхъ къыфІигъэкІакъым шум: бланэм и лыр фэм кІуэцІишыхьыжщ, и шыплІэм дилъхьэри ежьэжащ.

Шум и ужь къикІыжри, Уэзырмэдж и унэ игъэзэжащ, пщІантІэм дихьэжри, и шыр шы фІэдзапІэм къыбГъэдинащ, езыр унэм ихьэжащ: «ЩІалэм блатхьэр шыплІэм къыдезгъэхьинщ», - жери. Унэм щІыхьэжауэ къапльэмэ - и къуэм и лэгъуэмэ зы пщащэ къикІауэ елъагъу: лэгъуэмэ къыщІэкІри, пщащэм блатхьэр шыплІэм къыдихащ, зы Іэкіэ иубыдри, пщэфІапІэм щІихьащ.

Унэгъащэм еджащ Уэзырмэдж:

- Дэнэ къикІа пщащэ мыр? - жери.

- Нысэ хъытхуашащ, - къыжриІащ унэгъащэм. - Къыздрашар сщІэркъым.

Абдеж гъэзгум зыщІрихьэлІа шур игу хъэкІыжащ Уэзырмэдж.

- Сэ сощІэ къыздрашар, - жиІащ Уэзырмэдж игукІэ.

Сэралъп Лалинэ и ныбжьыр илъэс 21-рэ хьууэ аращ, ауэ екъуІэныгъэшхуэхэр иІэщ. Лалинэ щыгъасбийм дэрбзэр Іэщіагъэр зы хьэлэмэт Іуэхугъуэ гуэру и нэгу къыщІигъэхьэрт, езыми абы хэлъхьэныгъэ хуищІыну щІэхъуэпсырт.

АПХУЭДЭ Іэщіагъэ зригъэгъуэтыныр абы къыщІехьуІІар, и гурыхуэгъэм къинщынмышІа, и анэ Мадини (модельер цІэрыІуэр) а Іуэхум зэрыхэтыр арауэ къэплъытэ хъуну къыщІэкІынщ. Махуэ къэс щэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрыхахыр, Іэдакъэщіэкіхэр зэрагъэхэзырыр и нэгу зэрыщІэкІарщ нэхъыбэу зи гугъу тщІыр.

Лалинэ ялэщІыкІэ къиуХащ. Налшык къалэм дэт, Дизайнымкіэ колледжыр. Абдеж дизайнер ныбжьыщІэм «и хъэтІыр» пыухыкІауэ иубзыхуащ - и Іэдакъэщіэкіхэм лъэпкъ мыхьэнэ яІэу, иджыпрей гъащІэми къеззгъэІуу зэрыщытынур.

Ещанэ курсым щІэсу Лалинэ и ялэ фэилъхьэгъуэхэр игъэхьэзыри, «Подиум» зэхьэзэхуэм и зэфІэкІ щигъэлъэгъуэну Іуэху. Езыр щымыгугъами, абы «Pret-a-porter» унэтІныныгъэм ялэ уеблэІэр къыщихьащ. Зэпеуэм иужькІэ куэд дэмыкІыу нэгъуэщІ зы ехъулІэныгъи хъыджэбзым кьихьащ - «Русский Силуэт» зэхьэзэхуэм къикІуар зыхэщІакъуэхэр нэужь, Сан-Франциск щекІуэкІ Reve Creative гъэлъэгъуэныгъэм хэтыну абы Іэмал ираташ.

- Лэжьыгъэр къызэхъуІуэ сщІэмэ, абы си къарур нэхъыбэжу ecхьэлІэфынущ, - жеІэ дизайнер ныбжьыщІэм. - Илъэс 17 сыщыхъум нэхъ тегушхуэяу зеспщІатащ фэилъхьэгъуэхэр къэгупсысыным. Сурэт щынми сызэрыщІыкІурэ сыдихьэхьу зэрыщытар къесщхьэпэжри, си Іэдакъэщіэкі хъуну лэжьыгъэхэм тхьипхъэхэр си нэгу къызэрыщІыхьэм зэхуэдэу тесщІыхьын щІэздзащ. Джинс щэкІым къызхущІыкІа курткэхэм лъэпкъ мыхьэнэ зиІэ сурэтхэр тызощІыхь: адыгэ пщащэм и теплъэр, фащэ, хьэзыр, бГъэІуль, нэгъуэщІхэри. Псори зэхэту апхуэдэ лэжьыгъэ 250-м щІигъу сщІауэ къыщІэкІынущ. Абыхэм асыхьэту щІэупщІэ яІэ хъуащ.

Апхуэдэу Лалинэ и хьэпшыпхэр ягу ирихьу зэрызэбгрыкІым къызхкІыу бренд зэригъэпэщащ, иджы и лэжьыгъэхэр псори инстаграмым къыщызэІуиха нэпкІуэцІым щегъэльагъуэ.

Хъыджэбз гурыхуэр егупсысащ адэкІэ зэрызиужьынуми. И зэфІэкІым хигъэхъуэн мурадкІэ Урысейм и модельер цІэрыІуэ Зайцев Вячеслав и деж зыщигъэсэну ар кІуащ.

- Зайцев Вячеслав къэсцІыхуа нэужь, си гъащІэм, си лэжьыгъэм, си еплъыкІэхэм нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ сригъэлІэужьащ жысІэмэ, сыщыІуэнукъым. Ди Іэщіагъэм епха Іуэхугъуэ псоми абдеж щІэрыщІэу дыщригъэлэжьыжащ икІи дыззреджам и щыхьэт дипломыр иджыблагъэ кьыдатыжащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт Зайцевым и дерсхэр къызэрытхуэщхьэпар. Ар къыддэлажьэу дгъэхьэзыра фэилъхьэгъуэхэр 2021 гъэм и щІыШылэм Зайцевым Модэмкіэ и унэм утыку къыщитхъэжынущ, - жеІэ Лалинэ.

Къэралым и модельер цІэрыІуэр илъэсым щІигъукІэ зыдэлэжьа дизайнер ныбжьыщІэ 15-м яхэхуа Лалинэ дерсхэм и зэфІэкІ щеплъыжащ цІыхухъу щыгъын гъэхьэзырынымкІэ. Хъыджэбзым зэрыжиІэмкІэ, ар хущІэкъуащ адыгэлІым и лІыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ иджырей гъащІэм къеззгъ фэилъхьэгъуэхэм къыщигъэльэгъуэну. «Генетикэ код» - аращ и лэжьыгъэм фІэщыгъэуи иритар.

- Зы щІэблэр нэгъуэщІым зэрихьуэкІыу къекІуэкІми, лъэпкъым щІэт лъыр кІуэдырркъым, лъэхъэнэ куэдым пхокІ, зимыхъуэжу цІыхум догъуэгурыкІуэ. ЖысІэнуращи, зи анэдэлъхьбзэр е зи хабзэр щхьэусыгъэу зэхуэмыдэкІэ зыІэщІэхуа ди нобэрей цІыхум езым гу лъимытэжу лъэпкъым къыдэгъуэгурыкІуа Іуэхугъуэ куэд къыгурыІуэнкІэ е зыхищІэнкІэ хъунущ, - жеІэ Лалинэ. - Апхуэдэ гупсысэхэр сиІэу Зайцевым дежь сыщызэлэжьа фэилъхьэгъуэхэр сщІащ. ИкъуэкІэ дерс щхьэпэхэр къыдаташ: дунейпсо модэм и тхыдэмэ, дэрбзэр Іэщіагъэм и Іэмалхэмэ теуХуауэ. Экзамен къэс Зайцев Вячеслав езыр къыдэдэІуащ, ди лэжьыгъэхэм яхуэфащэ гулъытэ яритащ. Эскизхэм дыщелъскьым Зайцевым езгъэльэгъащ къэзгупсыса цІыхухъу фащэхэм щыщ зы гуп. Абыхэм яхэтт адыгэ цІым щыщ Іыхьэхэр къыщыгъэльэгъуа фэилъхьэгъуэхэр: дамащхьэхэр щІакІуэм ейм хуэдэу щІауэ, хьэзырхэм я пІэкІэ жып щІэту, щхьэрыхьэныем ещхьу, ауэ капюшон быхъущхуэ пщащэм тепъу... ЕгъэджакІуэм ахэр нэхъ къыщыхихІэщым, ялэу сытегушхуауэ аращ цІыхухъу щыгъэныным селэжьныну. ИкъуэкІи си гуапэ хъуащ льэпкъ мыхьэнэ зэхуэмыдэ сли лэжьыгъэхэр абы игу зэрырихьар. Абы нэмыщІыи, адрей ди егъэджакІуэхэми ди фащэхэр яфІэгъэщІэгъуэн хъуащ. Ар къыдэлажьэ дизайнер ныбжьыщІэ-гуэн хъуащ. Ар ди Іэщіагъэм и лІыхъужь ныбжьыщІэ-гуэн хъуащ. Ар къыдэлажьэ дизайнер ныбжьыщІэ-гуэн хъуащ. Ар ди Іэщіагъэм и лІыхъужь

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар щІхьэщэмыщІ Изэщ

● Псалъэ пэжхэр

Гур здынэмыплъысыр нэм илъагъуркъым

♦ Уэыфэр къэкІуэгъуафІэми, кІуэжыгъуейщ.
♦ Нэпсейм гужьеяуэ и гъащІэр егъакІуэ.
♦ ЖыІэдаІуэм и Іуэхур докІ.
♦ ЗэныбсагъуитІ зы пщІантІэм дзэзгъэркъым.
♦ Мылъку зи куэдым и пэр дрегъэзей.
♦ Мылъкур зэгъэзэхуа мыхъумэ, псынщІэу къыпІэщІоуХэ.
♦ Уи пщІэнтІэпскІэ къыумылажьа мылъкур уэсэпсым хуэдэу мэкІуэдыж.
♦ Гур здынэмыплъысыр нэм илъагъуркъым.
♦ Гулъытэ зимыІэм цІыхугъи хэлъкъым.
♦ Жэщым махуэр къыхуэгъэсыркъым, махуэм жэщыр фІэкІыхьщ.
♦ Махуэм къомыхъулІамкІэ жэщым ущымыгугъ.
♦ Дахэ псори дагъэунщэкъым.
♦ Уи щхьэр лажьэмэ, Іуэхуншэ ухъункъым.
♦ ИІэр зэзыгъэзахуэм псэукІэ ещІэ.

ПЩЫБИЙ СулътІан.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм хэт офицерхэмрэ Іэщзэхьэхэмрэ.
ИжьымкІэ хъыщыщІэдзэуэ: **ещанэ-ебланэхэр къэбэрдей адыгэхэщ, адрейхэр лезгинщ.**
Сурэтыр **Ладюрнер Александр ищІащ**. *1848 гъэ*

● Псалъэжьхэр

Гум илъыр нэгум къыуегъащІэ

♦ Ажалыр зэмыпІэщІэкІым къэмысым фІощІ.
♦ Ахъшэ уиІэмэ, бохъшэ бгъуэтынщ.
♦ Бзэгур шэм нэхърэ нэхъ жэрщ.
♦ Гум илъыр нэгум къыуегъащІэ.
♦ УпщІэ ІупщІэ хэлъкъым.
♦ Ущымытхъущэ - пхуэубыжынкъым.
♦ ФІы зыщІэ упщІэжрэ?
♦ Хабзэр убзэ зыфІэщІым хуэпщІэнум и ныкъуэр къеГанэ.
♦ ХьэхъкІэ уэхъыхьэу хьэнакІэ уэхъкмыкІыж.
♦ ЩІхьэр псэумэ, пыІэ щыщІэркъым.
♦ Ябп джэлам ущІэмынакІэ.
♦ Іуэхутхьэбзэри щІыхуэщ.

● ГъэщІэгъуэнщ

Къупщхьэ 70-кІэ нэхъыбэщ

Сабий къалъхуагъащІэм и Іэпкълъэпкъым къупщхьэу 270-м нэблагъэ хэлъщ, абыхэм я нэхъыбэр цІыкІу дыдэхэщ. Апхуэдэу зэрыщытым къупщхьэзэфІэблэр нэхъ лантІэ ещІри, сабийр нэхъ тыншуи дунейм къытохьэ, псынщІэуи хохьуэ. АдэкІэ зиужьыхукІэ а къупщхьэхэм ящыщ зыкъомыр зэпокІэж. ЦІыху балигъым и Іэпкълъэпкъым къупщхьэу ику иту 200-213-рэ хэлъщ.

Бжьыдзэм и хуабжьагъыр

Бжьыдзэм и зы пкІэгъуэм егъэлеяуэ лъагагъышхуэ къещтэ – секунд 0,001-м сантиметри 8 къыззрезнэкІ. Дзтхэнэ зы пкІэгъуэми нэхъ псынщІагъышхуэ къыхелъхьэ, хьэрш кхъухьым и хуабжьагъым нэхърэ 50-кІэ нэхъыбэу.

Дыгъэмрэ ЩІымрэ

Нобэрей Марсым ещхьу, ди ЩІы хъурейр дызыхуэкІуэ зэманым гъунэ зимыІэ пшахъуэщІ хъунуц. Илъэс мелуаницэ хъуауэ Дыгъэр къоплъ, нэхъ нэху икІи нэхъ пщытыр хъуурэ. Адэкіи ахуэдэурэ екІуэкІынуц. Илъэс меларди 2-м щІигъу дэкІмэ, абы и температурэр апхуэдизкІэ лъагэу дэкІуеинущи, ЩІым гъащІэ къезытыж тенджызхэр игъущыкІынущ. ЩІэныгъэлІэхэм зэрыжаІэмкІэ, илъэс меларди 2,3-рэ дэкІмэ, Дыгъэр плъыжьыгъэ абрагъуэ хъунурэ ЩІыр иубыдынущ. Абы иужькІэ щІыгум гъащІэ щыІэжьынукъым.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

ШэмыгъапцІэ жэщ

Іуэтэж

Мазэр еІэжами, мастэ пІэпыхуамэ къэпщтэжыну, жэщыр нэхущ. Жыг хадэм щыубгъа щІалэ щІалэ цІыкІуитІ зэдытетщ. Пхъэ къамэ Іэпщэхэр Іэдакъэкіэ яІыгъыу, лъэбакъуэхъуу иувыкІахэщ. Зыр зым поплъэ, щІакІуэм здытетым хъурейуэ къокІуэкІ. Ялэ уэн къащыхэмыкІкІэ:

- Еуэ, къыщІэдзэ, ущэнауэу куэдрэ ущытыну, - зыхуэмышыІэ пщтырафэу, зыр къытреч.

- Хьы!! Абы и гуГэрель! Къэрабгъэр ялэ мауэ къыслхъыпІэжыну ара? Нэхъ къэпщтэнти, - шыІэныгъэ и макъым къыхэщу къыпедзыж щІалэ цІыкІу напщІэхум.

Аргуэру хъурейуэ щІакІуэм къыздэкІуэкІ. ЗэпэщІокІуэтэ, йокІуэтыжхэр. ЯпкъэжрэяпкІэ шияуэ, зэрылъэбакъуэхъуу щытэхэщ. Яхуэмыгуэшар сыт зэныбжьэгъуитІым? Мывэкіэ зэзэуами, нэхъ лъэщыр зэхагъэкІыну зэбэнами, ІэштІымкІэ я нэшкІулхэр зэхущІадыжами зэкІужу къызэдогъуэгурыкІуэ, адакъэщІэ нэхъеи ныщхьэбэ зэпэува а щІалэ цІыкІухэр.

НтІэ, сыту пІэрэ иджы къэхъужар? КъызэрыщІэкІымкІэ я хьэблэгъу пщащэ щхьэщ баринэ цІыкІум нэхъ нэлейкІэ тІури еплъхэу гу зылъатэжауэ, арат я щхьэусыгъуэр. Иджы мис, афІэкІа экмыльу щІакІуэкІагъэ зэдытеуващ. Абы щыгъуэми езы пщащэ цІыкІум зыри хищІыкІыхэрэтэкъым.

- НтІэ, уэ уліыхьужьу ара жыпІэнур? ИІэт-тІэ сыгъэлъагъут.

- Упсэльэну ара, сумыгъэжейуэ уналжьу сыкъыщІыдэпшар?

- УэрэрыцІыкІурэ ужейнэдщ уэ, напщІэху!

- Уэрам уей жейнэдыр. ИІэ, къауэ, пащІэ Іушэ, - ауан ещІ зи пащІэ цІырхъэкр пасэу къыхэжа щІалэ цІыкІур.

- НтІэ, мис иджы зыІыгъ, шейнычІпэ, - жери, пхъэ къамэр игъэдалъэу, къьжьэхокІуэтэ.

- АбыкІэ нанэщ сэ къызэджэну хуитыр, къыбгурыІуа, шхуэзЫ? – напщІэху къольбри ныкъуэкъуэгъум зыпэщІесэ.

- ЕЙ, зэт-зэт! Фи нанэ жиІар зэхэпха? Ныжьбэ шэмыгъапцІэ жэщу жиІащ.

- Сыт мыгъапцІэ жэщ къэбгупсысар? ЩхьэусыгъуэумыльпхъуэкІуэ.

- Уэли, сымылъыхъуэ-тІэ. ШэмыгъапцІэ жэщщ, бжьзоІэ. Ныжьбэрей гъэмахуэ жэщыр апхуэдизкІэ кІэщІыщэщи, пщыхьэщхьэм зэрадза шэр шхуэу мыпцІэурэ нэху мэщ. Ар фи нанэ уи мыгъуэм жриІэу зэхэсхащ.

- ШэмыгъапцІэ жэщыр къызгурыІуащ, ауэ ядиг жьхуэпІэр... си мыгъуэкъым сэ. КъыщІыскІэрыпцІэлъыр сыт? Уэращ ар зи мыгъуэр.

- Уэли, сэри си мымыгъуэ-тІэ.

- НтІэ, сыт щІакІуэкІалэ дыщІыстеувар?

- СщІэркъым. Уа, пэжу къамэкІэ укъэуэнут?

- Сэри? Уэрэл, сыномыуэнут. Уэ-щэ?

- Ныбжьэгъуи къамэкІэ дауэ, Іэу, узэреуэнур?

- НтІэ ара щІакІуэр къыщІэплъэфар?

- Уэратэкъэ щІакІуэкІалэ дытеувэнщ жьзыІар?

- Уей сэрам. Ар сощІэж, ауэ къыслхъуэмыщІэжкІэ пщІэрэ? Сытыт тхуэмыгуэшар щІакІуэкІалэ дытеувэну?

- Тхуэмыгуэшын диІу ара уэрэ сэрэ? Къэубыд мы щІакІуэри дыгъэутхьапщІыж.

- Зэ умыпІащІэ. Мусэбийхэ я мыІэрысэ пасэр хъуащи, къыпыдгъэчи шэмыгъапцІэ жэщым дыхэплъэу фи дадэ и щІакІуэм дытегъэс.

ГуфІакІэкІэ къахьа мыІэрысэхэр яшхуэу зэныбжьэгъуитІыр уафэм доплъейри щІакІуэм телъщ.

ШэмыгъапцІэ жэщри, шы къарэ мыгъасэм ибг кІихутащи, и лъэдакъэпэр пач нэхъеи жьыбгъэм ялэ ищауэ, и гъуэгу хегъэщІ.

МЭЛЕЙ ФатІимэ.

Си хъуреягъкІэ

- Ныбжьэгъуэх, сэ си щхьэкІэ сигу ирохь мы тхылъыр, - жиІащ зым. – Ауэ бжыгъэ куэдыІуэ хэтщ. Абы зэранегъэшхуэ къешэ... Уигу пхуиубыдэркъым узэджэр, занщІэу пщогъупщэж!

- Нобэ мы зи гугъу тщІы тхылъыр, шэч лъэпкъ хэмылъу, купщІафІэщ икІи щхьэпэщ, - къэпсэльащ етІуанэр. - Ауэ, сэ ар зытхам сыхуэдамэ, а цІэ-унэцІэ къомыр нэхъ мащІэ сщІынти, езы цІыхуэм нэхъыбэу сатепсэлъыхьынт, я хьэлщэнхэр къэзгъэлъэгъуэнт!..

Апхуэдэурэ делэхэр тепсэлъыхьырт делэщым къащІыхьрыха телефон тхылъым.

* * *

Зыхыхьа унагъуэр игу ирихь-иримыхьым щыщІэрыщІэм, зэрашэрэ куэд мыщІа пхъум лъэкІакъым игу къеуэ тІэкІур и анэм щибзыщІын.

- Псори хъаргынэт, - жиІащ абы. – Зы закъуэр мыхъужамэ... Уи фІэщ зэрыхьун, сазэрыхьыхьэрэ зы пщэдджыжь напэІэлъэщІ гъущэкІэ зыслъыщІэну къыскуихуакъым, зытхьэщІыпІэм фІэлъыр сыт щыгъуи псыфу срохьэлІэ!

- Ар дагъуэкъым, - къэпсэльащ псори зэхэзыха адэр. – Жьыуэ къэтэджи, напэІэлъэщІыр гъущэу щытынущ.

* * *

ЛэжьапІэ пэшыр зэлъыІузыхыр зэрахъуэкІат. Си жагъуэ хъуакъым – пІлІ-нэпэм дэт пхъэнкІиилъэм тхылъымпІэжь сыт издзаІамэ, ирихьыр, абдеж щиухырт а ІукІыжам и кІалэныр. Мыр хуабжьу егугъурт. КъыпхуэцІыхужьынтэкъым си пэшыр, апхуэдизкІэ къабзэ хъуати. Сызытес щэнтым и лъакъуэхэм къыщыщІэдзауэ, бжэ-щхьэгъубжи стІолыщхьи зылъэмыІэс къигъанэрт-къым. ЗэщІолъэсат, зэщІэлъэщІат, зэщІэпхъэнкІат, унащхьэ нэгъунэ зэдэкІуэу, псори.

МахуитІ-щы дэкІри, гу лъыпІтэ хъуащ а зэлъыІухакІуэм и лэжьыгъэм зэрыкІэригъэхуам. Аргуэру махуитІ-щы дэкІыжри, сабэм, фІейм, пхъэнкІийм сыкъорихьэлІэ хъуащ. ЛІот къэхъуар? Зыри...

ЩІэуэ къэува лэжьакІуэр и лэжьыгъэм есауэ арат!

ХЬЭХ Сэфарбий.

Бажэр псы Іуфэм Іутщ, зыІуробзаери. Щыхьыр, блэкІрэ пэт, кърихьэлІащ.

- Щхьэ узыІурыбзаерэ, сыт мыбдеж щыпщІэр? – къеупщІащ щыхьыр.

- Адрыщым щыхъуакІуэ къаз хъушэр плъагъурэ?

- Сольагъу.

- Аращ си гурыІупс къыщІэжэр. ИгъащІэкІэ зыгуэр къысхуэпщІэжыххэнумэ, псым сызэпрых – уи лъэгуажьэм къэсын къудейщ.

Бажэр щыхьым шэсри псым зэпрыкІащ, къаз хъушэм хэлъадэри зы къаз къыпхъуэтащ. Къазыр ифыщІ пэтрэ, фыз гуп псыхьэ къэкІуауэ кърихьэлІри, бажэр къыщІагъэІащ. Бажэм пабжьэм зыхидзащ, щыхьыр фызхэм ялъэрхьэри, пхъэхькІэ кІуэцІакъухьащ. Яубэрэжьауэ къаІэщІэкІыжри, щыхьыр псы Іуфэм къыІухьэжащ, и джабэр ияуэз. Бажэри, къазыщ Іупэ хъужауэ, пабжьэм къыхэжыжащ.

- Дэнэ зыщыбгъэкІуэдар? – жиІащ щыхьым, – си закъуэ саІэрихьэри саубэрэжьащ.

Щыхьымрэ бажэмрэ

Псысэ

- Пабжьэм сыхэсащ, - жиІащ бажэм. – Сышха нэужь, лъэныкъуэ зезгъэз си хабзэщ.

- Армэ, хъунщ. Къэшэс, псым узэпрыскъыжнщ.

Бажэр игъэшэсри, щыхьыр псым хыхьащ.

Щыхьыр, псыкум нэсри, етІысэхащ.

- Сыт пщІэр? Сыбогъэтхьэлэ! – кІиящ бажэр.

- СыкІуэцІакъуэха нэужь, псым зыщІэзгъэмбрыуэ си хабзэщ, - жиІащ щыхьым.

- Ар хабзэ хъурэ! Сыбогъэтхьэлэ, емынэунэ хъун! – Бажэр кІийуэ псым щІилъэфащ.

Дуней псом щыцІэрыІуэ, Берлин кинофестивалым илъэсым и актёр нэхъыфІу къыщалъыта икІи «Сезар», «Давид ди Донателло» саугъэтхэр зыхуагъэфэща, франджы театрымрэ киномрэ я актёр, продюсер икІи сценарист Делон Ален щэкІуэгъуэм и 8-м илъэс 85-рэ ирикъуащ.

ДЕЛОН Ален Франджым и Бур-ла-Рен къалэм къыщалъхуащ. Абы и адэм кинотеатр иІэт, и анэр фармацевтт. Курыт школым ар мызэ-мытІэу къыщІадзыжат, зэрыкъуейщІейм рэзэрмыдждэфырмэ къыхэкІыу. Дзэм къулыкъу щищІэу къигъэзэжа нэужь, и хьэл-щэным зихъуэжащ, жэуапІныгъэ хэлъу, и зэманымрэ къарумрэ зэпилъыту хъуащ.

1956 гъэм Ален актёр гъуазджэм и зэфІэкІ щеплъыжьину мурад ищІащ икІи продюсерэм и сурэтхэр яхуигъэхьащ, хуэмурэ фильмхэм щыджэгун щІидзащ. США-м щыщ менеджер цІэрыІуэ Уилсон Гарри ар Голливудым иригъэблэгъат, актёр лэжьыгъэм хишэну, арщхьэкІэ франджы кином хэлъхьэныгъэ хуищІмэ нэхъ кьищтащ.

Делон Ален и япэ ролыр щигъэзэщІащ «Когда вмешивается женщина» фильмым. Абы иужькІэ ар фильм зыбжанэм щыджэгуащ. Куэдым ягу дыхьэ тепльэ дахэ зэрИэрщ режиссёрхэм нэхъыбэу ар щІрагъэблагъэм и щхьэусыгъуэр. 1960 гъэм «Яркое солнце» фильмым щыджэгуащ икІи абы ехьулІэныгъэфІхэр къыхуихьащ. Кинокритикхэм къалъытащ абы, и гуакІуагъэм къыдэкІуэу, актёр зэфІэкІи зэрыбгъэдэлъыр.

Актёрыр Италием Іэпхъуэ нэужь хэтащ «Рокко и его братья», «Затмение», «Леопард», «Чёрный тюльпан», «Радости жизни» фильмхэм. А ІэщІагъэм хуемыджами, ар актёрхэм я щапхъэу хуагъэлъагъуэ хъуащ. «Мелодия из подвала» фильмым щигъэзэщІа ролым папщІэ абы къыхуагъэфэщащ «Золотой глобус» саугъэтыр.

Голливудми и лъагъуэ щыхишащ актёрым. Абы щытраха «Пропавший отряд», «Рожденный вором», «Техас за рекой», «Горит ли Париж?» фильмхэм роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщІащ. Псом хуэмыдэу абы пщІэрэ щІыхьрэ къыхуихьащ ноби классикэу къалъытэ «Самурай» фильмым.

Делон Ален дуней псом фІыуэ къыщалъхьагъуэ артист цІэрыІуэщ. Телъыджэщ профессиональнэ щІэныгъэ зимыІэ франджы актёрыр киногъуазджэм и вагъуэ зэрыхъуар. Абы и иужьрей лэжьыгъэхэм ящыщщ «Астерикс на Олимпийских играх» (2008), Урысейм щытраха «С Новым годом, мамы» (2012) фильмхэр.

Актёр Іэзагъым къыдэкІуэу Ален макъ гуакІуи иІэщ. Абы игъэзащІэ «Laetitia» уэрэдыр фильмым щІалъхьащ. Уэрэджы Іакіуэ Далида и гъусэу игъэзащІэ уэрэдри цІэрыІуэ хъуахэм ящыщщ. Иужьрей зэманым Делон Ален и къарури и гуащІэри театр гъуазджэм хуиунэтІащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **3**. Іэпслъэпсым щыщ. **4**. Куэсэ ... умыщІ. **7**. Уэрэджы Іакіуэхэу Уэтэрхэ Анатолэ, МуІэед, Шал Хьусен сымэ я къуажэ. **9**. Мэл зыхэвэ нэхърэ - ... зыхэпкІэ. **10**. Къуалэбзу пщэ кІыхь лъакъуэ псыгъуэ. **11**. Дыгъэ ... е нартыху ... **12**. НэгъуэщІым и хьэпшып щхэуу зыгъэкІуасэ. **13**. Хадзэкі. **15**. Унэ кІуэцІ блынджабзэр, унащхьэхэр зи тІысыпІэ хьэпщхущ. **17**. Уэыдзмыхьэ къуэладжэ ... дзэщ. **18**. Бдзэжьей зэрещэ. **19**. Къалмыкъ ... е къэрэкъурэ ... **20**. Зи Іуэ ит нэхърэ зи ... ит. **22**. Ерыскъым е хьэпшып гуэрым хуагъэув уасэ. **27**. ... псэумэ, пыІэ щыщІэркъым. **28**. Дзыгъуэм кІэ къыхуэзыгъакІуэ псэущхьэ дахэ цІыкІу. **29**. Зиусхэн лъэпкъ. **30**. Пшынауэ цІэрыІуэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. **33**. А пхъэщхьэмыщхьэм шагъыр къыхащІыкІ. **34**. ЦІыху къарууфІэ, Іэчлъэч.

Къехьу: **1**. Дыгъужьыр бэлацэу къызыщыхъу хьэкІэхъухьэщІэ. **2**. ... къашэри вынэ ирищІы. **3**. Лъакъуэм щІапхэу мылым къызэрыщажьхь. **5**. Жьы кІэрапхъуэ. **6**. Нартыху гъэлыгъуа хьэжьигъэ. **7**. ЦІыху залым, фІэкІыпІэншэ, бзаджэ. **8**. Фочыр щымыІэм къагъэсэбэпу щыта пасэрей Іэщэ. **12**. Зи акъыл зэкІуэкІаХэр щаГыгъ унэ. **14**. Языныкъуэ псэущхьэхэм я щІыфэм хищІэ хьэпІапІэ къэзыльэгъуэ. **15**. Пхъэ кІапэ. **16**. Ику иту тонн 60-80 хуэдэ къэзыльэ псэущхьэ. **21**. МусЛыымэн лъэпкъыщхьэ. **23**. Кьуажэдэс куэдым я щымахуэ гъэтІылъыгъэхэр, фІэІугъэхэр абы щахъумэ. **24**. Хьэцэпэцэм я щхьэкІэ. **25**. Гъэм и зэман. **26**. 1708 гъэм кърымыдзэр лъэрыщІыкІ зыщІа адыгэхэм я пашэ пщышхуэ ХьэтІохъущокъуэ ... **31**. Бахъсэн щІынальэм щыщ гъавэгъэкІ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь .... Іэхьед. **32**. НыбжьыщІэ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Щэкіуэгъуэм и 14-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Шынакъ. **3**. Гуэныхь. **6**. Бын. **8**. Зэ. **9**. Іум. **10**. Гъуэрыгъуэ. **11**. Жейнэд. **12**. Хуэгъэпсэлъэн. **13**. Бжьэпэ. **15**. ЕнтІыр. **18**. Іэпэдзгъэлэл. **21**. Хьэсэн. **22**. ЩтаплІэ. **23**. Пэщ. **25**. Гъэмахуэ. **27**. Хьэжмэт. **29**. Хугу. **30**. Кіуж. **31**. Гъунэ. **32**. Джэлэс. **33**. Іэдий.

Къехьу: **1**. ШэтІэгъуэбл. **2**. Назир. **4**. Номин. **5**. Хьэрэдурэ. **6**. Бэдэху. **7**. Набжэ. **14**. Пыпхэ. **16**. Нэлат. **17**. Гъуэгу. **19**. ТхьэгъэлэдЖ. **20**. Къуэнтхъурей. **23**. Пэшзгъу. **24**. ЩхьэкІуэ. **26**. Махуэл. **28**. Мэжид.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфыцІэ Мухьамэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Кьаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Иэз.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; ЩхьажэгъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ ІуэхуцІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапі Іэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

(12+)

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.000 ● Заказ №2476

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Кьаншокъуэ Эллэ**, *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Нэу-жьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ЩхьэщэмыщІ Иэз** *(3, 4-нэ нап.).* **КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.